этиши кабиларни намоён қилган. Паст кўрсаткични эса ички мотив, қочиш мотиви, мусобақалашув мотиви, топшириқларнинг мураккаблиги, ўз-ўзини идора қилиш, тарбиялаш, қабул қилиш, режалаштириш ва мустақиллик кабилар ташкил қилган.

Бўлғуси матаб педагогларида ўз устида ишлаш фаолиятини тарбиялашнинг ижтимоий-психологик хусусиятларини тадқиқ этишда ички ва ташқи омилларни ҳисобга олиш, ўз устида ишлашга самарали таъсир кўрсатувчи психологик омилларга эътибор қаратиш, ўзини-ўзи ривожлантириш, ўзини-ўзи тарбиялаш ўртасидаги алоқаларнинг мавжуд шароитлари ва тизимли ўзлаштирилган малака ва кўникмаларнинг психологик жиҳатдан шаклланиши ўзаро ижобий равишда таъсир кўрсатади.

Демак, бўлажак ўқитувчилардаги ўз устида ишлаш фаолияти ҳамда касбий ўз-ўзини ривожлантириш масаласи шахснинг когнитив эҳтиёжларининг қондирилиши ҳамда шахснинг бошқаларга таъсир эта олиш қобилияти кабилар билан ҳам тушунтирилиши лозим.

**Адабиётлар**


1. Рубакин Н.А. Практика самообразования (среди книг и читателей). – М.: "Наука", 2007. –С. 187.
2. Булынин В.М. Профессиональное становление личности: ценностный подход. – Комсомольск-на-Амуре: Комсомольского-наАмуре гос. пед ин-та, 1996. – С.99.
3. Левитан К.М. Личность педагога: становление и развитие. –Саратов: Изд-во Саратовского университета, 1991. – С.62.
4. Парсонс Т. Структура социального действия. Гл. 1,2, 17, 18, 19. Персоне Т. О структуре социального действия. -М.: Академический Проект, 2000. –С. 123.
5. Симонов В.П. Диагностика личности и профессионального мастерства преподавателя. -М.: Международная педагогическая академия, 1995. –С. 192.
6. Корнева Л.В. Психологические основы педагогической деятельности. - М.: «Владос», 2006.– С. 98.
7. Игнатова В.В. Педагогические факторы становления личности в образовательном процессе. – Красноярск: СибГТУ, 2000. – С.133.
8. Ульянова О.С. Психологические условия развития субъект-субъектных отношений в школе: Автореф. дисс. ... к.пс.н. -М.: 2000. –С. 24.
9. Овчарова Р.В. Практическая психология образования: Учеб. пособие для студ. психол. фак. университетов. -М.: «Академия», 2003. –С. 97.
10. Sawyer R.K. Creative teaching: Collaborative discussion as disciplined improvisation. Educational Researcher, 2004. 33(2), –P. 12-20.
11. Воловичева Л.А. Поиски новых путей подготовки учителей начальных классов. Вопросы психологии. 1994. №11. – С. 79 - 81.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақола педагогик фаолиятда ўқитувчининг ўз устида ишлаш фаолиятини тарбиялашнинг ижтимоий-психологик жиҳатлари мавзусига бағишланган. Шунингдек, мақола педагогик фаолиятда ўз устида ишлаш қобилиятига таъсир этувчи психологик асослар, ижтимоий психологик детерменантлар, ўқитувчиларда шаклланган касбий мотивлар, толерантлилик ва эмпатик қобилиятлар каби масалалар ҳам кенг ёритилган.

**РЕЗЮМЕ.** Данная статья посвящена теме социально-психологических аспектов воспитания работы учителя над собой в педагогической деятельности. Также в статье освещаются такие вопросы, как психологические основы, социально-психологические детерминанты, профессиональные мотивы, формирующиеся у педагогов, толерантность и эмпатические умения, влияющие на способность работать над собой в педагогической деятельности.

**SUMMARY.** This article is devoted to the topic of Socio-psychological problems of raising children in the conditions of pedagogical activity. Thus, Mao Zedong's pedagogical activity is based on such issues as psychological foundations, social psychological determinants, psychological motives, tolerance and empathic motives.


## ÓZLESTIRMEWSHI OQÍWSHÍLARDÍŃ KOGNITIV TARAWÍNÍŃ PSIXOLOGIYALÍQ ÓZGESHELIKLERI


**Z.Sh.Sherimbetova** – *docent*

*Nokis innovacion institutı*



**Tayansh soʻzlar:** nutq, kamchiliklar, koʻrish, eshitish qobiliyat, aqlıy zaiflık, adaptatsiya, tahlil.

**Ключевые слова:** разговаривать, недостатки, видеть, слуховые способности, умственное отклонение, адаптация, анализ.

**Key words:** speaking, defects, vision, listing skill, mental retardation, adaptation, analysis.


Ulıwma bilim beriw mekteplerindegi ózlestirmewshilik mashqalası bársheni táshwishke saladı. Bul mashqala tek ǵana úlken adamlardı ǵana emes, hátteki olardıń ózlerin de qıyın jaǵdayǵa saladı. Sebebi, hár tárepleme, hám aqılıy jaqtan, hám fizikalıq jaqtan deni saw bala tómen oqıwdı qálemeytuǵını anıq. Bala mektep bosaǵasına birinshi márte qádem atlaǵanda, ol kóbinese ózine tartıp turǵan mektep dúnyası, mehriban oqıtıwshıları menen ushırasıw, biz benen úlkenler tilinde sóylesiw, oǵan ele de túsinip jetiw qıyın bolǵan nárseler hám hádiyseler haqqında sóylesiw, sıyaqlı arzıwlar menen tolı boladı. Basqasha aytqanda, bala, jańa nárselerdi úyreniwdi hám jaqsı oqıwshı bolıwdı qáleydi. Bul 7-8 jaslı balalar ushın jetekshi motivaciyalardıń biri esaplanadı.

Nátiyjeli úyreniw tilekleri buzılǵanda, ol birinshi náwbette oqıwǵa degen qızıǵıwshılıǵı, qálewi tómenley baslaydı, keyin ala ol mektepke barıwdan bas tartadı, sabaqların qaldırıwı aqıbetinde ózlestirmewshi oqıwshıǵa aylanadı, tapsırmalardı orınlamaydı.

Mekteptegi ózlestirmewshilik mashqalasına hár dayım psixologlar, hám oqıtıwshılar ayrıqsha itibar berip kelgen. Olar mekteptegi ózlestirmewshiliktiń kelip shıǵıwına tómendegi faktorlardı kiritedi:

-oqıwshınıń mektep tálimine tayarlanbastan keliwi;

-mektepke shekemgi jasta uzaq múddetli kesellikler nátiyjesinde balanıń somatikalıq jaqtan hálsizligi,

- mektepke shekemgi jasta sóylew kemshilikleri, kóriw, esitiw qábileti, aqılıy ázzilik jaǵdayı,

-klaslasları hám oqıtıwshıları ortasında unamsız múnásibetler [1:14].

Házirgi waqıtta qánigelerdiń aytıwınsha, akademiyalıq qábiletsizlik mashqalası pedagogikalıq, medicinalıq, psixologiyalıq hám social bolıp bólinedi. Usılar sebepli, sońǵı on jıllıqta mektep oqıwshılarınıń jumıs xızmetin jaqsılaw ushın túrli tarawlardaǵı qánigelerdiń háreketlerin birlestiriw boyınsha biraz jumıslar ámelge asırılmaqta. Ózlestirmewshilik sebeplerin anıqlaw ushın keń kólemdegi tekseriw zárúrligi haqqında da pikirler bar. Usı sıyaqlı psixologiyalıq jaqtan tekseriwge antropometriyalıq hám psixofiziologiyalıq ekspertizasın da kiritiw orınlı.

Oqıtıwshılar hám psixologlar, alımlar hám ámeliyatshılardıń mektep mashqalasına dıqqat penen qarawına qaramastan, oqıw qıyınshılıqlarına dus keletuǵın oqıwshılar sanı úzliksiz ráwishte artıp barmaqta. Mektep oqıwshısınıń qábiletsizligi mektepte tálim motivaciyasınıń keskin páseyiwine hám nátiyjede oqıwshınıń minez-qulqınıń ózgeriwine, ayırım waqıtlarda jınayıy háreketlerge aralasıp qalıwına da alıp keliwi múmkin.

Mektepte oqıwdaǵı qıyınshılıqlar balanıń is-háreketlerinde, onıń islewinde, jámááttegi múnásibetlerde hám basqalarda sáwlelendirgen sırtqı kórinislerge iye bolıwı múmkin, biraq olardıń sebepleri, psixologiyalıq hám

fiziologiyalıq mexanizmleri, etiologiyası pútkilley basqasha bolıwı múmkin. Sonıń ushın hár bir ayrıqsha jaǵdayda balaǵa járdem, is-háreketti ózgertiwge baǵdarlamawı kerek, lekin qálemegen sebeplerdi joq etiwge qaratılǵan bolıwı zárúr. Bul jumıs baslawısh klass oqıwshılarınıń ózlestirmewshiligi sebepli júzege kelgen qıyınshılıqlardı hám olardı jeńip shıǵıw jolların anıqlawǵa qaratılǵan bolıwı kerek.

Usı maqsetke erisiw ushın tómendegi wazıypalar qoyıldı:

a) bul mashqalanı úyreniwde alımlardıń pikirleri menen tanısıw;

b) oqıwshı oqıw xızmetinde ushırasatuǵın ádetke aylanǵan qıyınshılıqlardı kórip shıǵıw;

v) qıyınshılıqlardı úyreniw usılların anıqlaw;

d) balaǵa járdem beriw ushın psixokorrekciyalıq jumıslarınıń baǵdarı hám mazmunın anıqlaw;

e) baslawısh mektep oqıwshıları dus keletuǵın anıq qıyınshılıqlardı úyreniw hám olarǵa járdem beriw.

Mektepte oqıwdı baslaw balanıń rawajlanıwındaǵı social wazıypanı túpten ózgertiwge alıp keledi. Ol "jámáátshilik" temasına aylanadı hám endi social áhmiyetke iye bolǵan májbúriyatlarǵa iye bolıp, onı ámelge asırıw jámáátshilik tárepinen bahalanadı.

Tálim xızmeti baslawısh mektep jasındaǵı jetekshi xızmetke aylanadı. Bul arnawlı jastaǵı balalar ruwxıyatınıń rawajlanıwındaǵı eń zárúr ózgerislerdi anıqlaydı. Oqıw xızmeti sheńberinde baslawısh mektep oqıwshılarınıń rawajlanıwındaǵı eń tiykarǵı jetiskenliklerdi xarakterleytuǵın hám keyingi jas basqıshında rawajlanıwdı támiyinleytuǵın psixologiyalıq ózgeshelikler qáliplesedi.

Kishi mektep jasında átiraptaǵı adamlar menen múnásebetleriniń jańa túri qáliplese baslaydı.

E.Eriksonnıń túsinigi boyınsha, 6-12 jas – bul balaǵa bilim hám kónlikpelerdi beriw dáwiri, miynet turmısına kirisiwdi támiyinleytuǵın hám miynetsúygishlikti rawajlandırıwǵa qaratılǵan dáwir esaplanadı.

Eń tiykarǵısı aqılıy rawajlanıwdıń barlıq tarawlarında júzege keledi: aqıl, shaxs, social múnásebetler ózgeredi. Bul processte oqıw xızmetiniń jetekshi roli kishkene oqıwshınıń basqa ilajlarǵa aktiv qosılıwın támyinleydi, balanıń jańa jetiskenlikleri jaqsılanadı hám bekkemlenedi.

L.S.Vıgotskiydiń pikirinshe, baslawısh klass oqıwshısınıń ózine tán ózgesheligi sonda, xızmettiń maqsetleri tiykarınan balalar ushın úlkenler tárepinen belgilenedi. Oqıtıwshılar hám ata-analar balaǵa ne múmkin hám ne múmkin emes ekenligin, qanday wazıypalardı orınlaw kerekligin, qaysı qaǵıydalarǵa boysınıw kerekligi hám basqalardı anıqlaydı. Úlken adamlar tárepinen berilgen tapsırmanı orınlawga tayar bolǵan oqıwshılar arasında da wazıypalardı orınlay almaytuǵın jaǵdaylar kóp ushırasadı, sebebi, olar onıń mazmunın úyrenbegen, tapsırmaǵa tez qızıǵıwshılıǵın joǵaltqan yaki óz waqtında orınlawdı umıtadı. Eger balalarǵa qanday da bir tapsırmanı beriw arqalı berilgen qaǵıydalarǵa tiykarlansa, bul qıyınshılıqlardıń aldın alıw múmkin.

Y.L.Kolomenskiy bala 9-10 jasqa shekem óz klasslaslarınan biri menen dostana múnásebetlerdi rawajlandıradı dep esaplaydı, bul bala óz dosları menen jaqın social baylanıslardı ornatıwdı, bul túsinik múnásebetlerdi uzaq waqıt saqlap turıwdı biliwin ańlatadı. 8 jastan 11 jasqa shekem bolǵan balalar, olarǵa járdem beretuǵın sorawlarǵa juwáp beretuǵın hám qızıǵıwshılıqları menen bólisetuǵın doslardı izleydi [2:17].

Óz ara hámdártlik hám doslıq payda bolıwı ushın mehribanlıq, dıqqatlılıq, erkinlik, ózine isenim, hadallıq sıyaqlı pazıyletler zárúr áhmiyetke iye. Áste aqırın, bala mektep turmısın úyrener eken, ol klasta jeke múnásibetler sistemasın rawajlandıradı. Ol hár kimnen ústem bolǵan tuwrıdan-tuwrı sezimlik múnásibetlerge tiykarlanadı.

Rossiyalıq psixologlardıń qatar izertlewlerinde, úlkenler ushın balanıń is-háreketlerin erkin basqarıw uqıplılıǵın qáliplestiriwge imkaniyat jaratatuǵın eń tiykarǵı shártlerden biri:

1) balada jeterli dárejede uzaq waqıt dawam etetuǵın is-háreketler motiviniń bar ekenligi;

2) minez-qulıqtı ózlestiriw ushın tiykar bolǵan sırtqı faktorlardıń bar ekenligi.

Mekteptiń dáslepki kúnlerinen baslap bala klasslasları hám oqıtıwshısı menen óz ara múnásibetler procesinde qatnasadı.

L.S.Vıgotskiydiń pikiri boyınsha mektepke barǵan balanıń pikirlewi, balanıń sanalı xızmetiniń orayına ótedi. Ilimiy bilimlerdi ózlestiriw procesinde júzege keletuǵın awızeki pikirlew, oylawdıń rawajlanıwı basqa barlıq bilim processlerin qayta payda etedi: "bul jastaǵı este saqlaw oylawǵa, qabıl etiwge aylanadı".

J.Piaje koncepciyası boyınsha, 7-11 jaslı balanıń intellektual rawajlanıw basqıshı esaplanadı.

E.Danilovanıń pikirinshe baslawısh klassta:

- sheber motivlerdi qáliplestiriw,

-turaqlı bilim zárúrlikleri hám qızıǵıwshılıqların rawajlandırıw;

- oqıw procesi, "úyreniw kónlikpeleri"niń nátiyjeli texnikası hám kónlikpelerin rawajlandırıw;

- individual ózgesheliklerin hám qábiletlerin rawajlandırıw;

- ózin-ózi basqarıw qábiletlerin rawajlandırıw;

- ózin-ózi múnásip bahalawın, ózine hám basqalarǵa salıstırǵanda kreativlikti rawajlandırıw;

- social normalardı ózlestiriw,

- aqılıy jaqtan rawajlandırıw ushın jumıslar alıp barıw zárúrligin atap ótedi.

O.Ermolaevtıń pikirinshe mektep jasında dıqqattı rawajlandırıwda sezilerli ózgerisler júz beredi, onıń barlıq ózgesheliklerin jedel rawajlandırıwdı dawam ettiriw, dıqqat kólemin arttıradı, turaqlılıǵı asıradı, kommunikativ qábiletlerin rawajlandıradı. 9-10 jasqa kelip, balalar uzaq waqıt dawamında óz basımshalıq penen iyelegen háreket dástúrin saqlap qalıw hám ámelge asırıw imkaniyatına iye boladı.

E.E.Danilovanıń pikirinshe, kishi mektep jasında, este saqlaw basqa barlıq aqılıy processler sıyaqlı sezilerli dárejede ózgerislerge ushıraydı. Olardıń áhmiyeti sonda, balanıń este saqlawı ózgesheliklerge iye bolıp, sanalı ráwishte tártipke salınadı. Balanıń esley almawı onıń tálim xızmetine tásir etedi hám oqıw hám mektepke bolǵan múnásibetine tásir etedi.

Bunday oqıwshılardıń biliw processleri arqada qalıp ǵana qoymastan, klasındaǵı teńlesleriniń de ózlestiriwine, bilim tiykarların iyelewine belgili bir dárejede unamsız tásirin tiygizedi. Sol sebepli baslawısh klasstaǵı ózlestirmewshi oqıwshılardıń biliw processleri ózgesheliklerin úyreniw hám korrekciya qılıw úlken áhmiyetke iye.

## Ádebiyatlar


1. Безруких М.М., Ефимова С.В. Как помочь детям с трудностями обучения? // Начальная школа. 1990. № 10. –С. 11-16.
2. Ломпшера И. Психические особенности слабоуспевающих школьников. -М.: Педагогика, 1984.



**REZYUME.** Мақолада ўзлаштириши суст ўқувчиларнинг когнитив соҳаси психологик хусусиятлари ҳақида сўз боради. Ўқувчиларнинг билиш жараёнлари хусусиятлари ҳақида тушунчалар келтирилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается о психологических особенностях когнитивной сферы неуспевающих учащихся. Представлены представления об особенностях познавательных процессов.

**SUMMARY.** The article talks about the psychological characteristics of the cognitive of non-assimilating students. Concepts about the characteristics of students' cognitive processes are presented.